Шамил Валиев:

Зульфия Хlажиева

« Нижер ракьалда хlалтlулел чагlаз нижергун гlаммаб мацl батизе ккола »

3

Маркъо Шагlбанов

Грузиялъул Панкисси кlкlалахъ XIX –XX гlасрабазда Ташиса Гlиса – Апандил хlаракаталъ ислам тlибитlи

4-5

ЦlАЛДОЛЕЗУЛ ПИКРАБИ

Миллат "Миллаталда" кlальалеб буго

7

Миллат

www.millat.ru

ДУЦА КЪУВАТАЛЪЕ РОРХУГЕ КВЕРАЛ, КУМЕКИН АХlДОЛЕБ БУГО МИСКИНЛЪИ

Р. Хlамзатов

№17 (17) 30 сентябрь 2011 сон МАГlАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА

редакторасул калам

Чlахъагиялъе чlвана, Тlагlагиялъе чlвана …

Дида хlехьезе кlоларо гlакъилаб куцги гьабун, щивалиго некlсияв философас абурал гlакъилал рагlаби ругин гlадамал кlалъазе цере рахъарабго. Нилъер эраялде щвелалде щунусго соналъ цебе некlсияб Грециялъул Хилон абурав чиясул рагlаби ругила: «О мертвых или хорошо или ничего» абурал. Гьевги рагlула дол гlасрабазул тарихалда лъалкl тарав анкьго гlакъилазул цояв. Лъаларо чанго азарго соналъ цебе некlсияб Грециялда гlакълуян щиб жо букlарабали, амма гьеб Хилонил пикруялъул рачl ккун букlана жакъа дунялалда бугелъул хал гьабурабго. Бицунеб жоялъухъ балагьун гьев жакъасел Дагъистаналъул хlакимзабазул рахъалда вуго. Цересел философалги азул рахъалда, жакъаселги бадиб магlу ккун гьел реццулел, нилъеда ккараб гlайиб щибха?

Дир хlисабалда, хlакимзаби какизе ккола хун хадургlаги. Какизеги ккола цlоб тун, рахlму гьечlого, гьарурал киналго мунагьалги къватlир реххун. Мунагьазда рекъараб къимат кьезе ккола халкъалъ нухмалъулезе. Гурони щибха ккезе бугеб дунялалъул, чlаго рукlаго какизе гlадамал хlинкъулел руго, хун хадур какизе рекъараб рагlуларо, гьечlогури кинабгlаги жавабчилъи чиясул жиндир улкаялдаги халкъалдаги цебе. Хун хадур какизе бегьуларе батани, чlаго какарав чи ккани гьевги чlван эркенго вукlинагури хlаким. Гlадатиял, улкаялъул, халкъалъул жавабчилъи тlаде кколарел чагlи бегьила тезе, гlицlго лъикlал рахъалги рехсон. Кlудиял хъулухъаздалъун ва жидер хlукмабаздалъун халкъалъе балагьги, мискинлъиги, биял гlодортlейги сабаблъун ккарал чагlазе хlал кlвани чlаго рукlаго, кlвечlони хун хадургlаги чара гьечlого къимат кьезе ккола халкъалъ. Чанги хlакимзаби руго Дагъистаналда чlаго рукlиналъ какизе бегьуларел, хун хадур какиги рекъон батичlони, лъикьа ва сундукьа хlинкъун гьез такъсирал гьаричlого телел. Аллагьасда гьел божуларо, закон гьезие гъоркь бугеб халкъ гъуризе ургьараб жо буго, хун хадурги какизе рекъон батичlони, гlицlго зобалазул жазаялде гьелги тун, щвараб щинаб инжитлъиги хlехьон рукlине кколел рагlулаха. Чан хlаким вугев Дагъистаналда жакъа какизе мустахlикъав, какини щиб гуреб, тlаде тун хlацlуялъул хlорги гьабун гъанкъизе рекъарав, нилъеда рагlи абизе кlоларого тахбакl ккун чlарав? Гьелни нилъеца кlвар кьечlого телаан, гьез нилъ толелани.

Къо гьоркьоб бахъун тlагlунеб буго ток Махlачхъалаялда. Я гlадамазда, я премьерасда, я президентасда кlолеб гьечlо гьеб суал шагьаралъул мэрасда цебеги лъун роцlцlине. Цеве вукlарасдаги кlвечlо, жакъасесдаги кlолеб гьечlо. Кодоб улкаялъ кlудияб квершцелги, сурсатги, къуватги кьун тарал президентазда кlолареб жо, кин нилъеца тlалаб гьабилеб? Сахлъицlуниялъул рахъалъ шагьаралъул поликлиникабазда эхетараб халкъ бихьарабго гъова сахав чи унтила, лъайкьеялъул рахъалъ Дагъистаналда бугеб бецlлъи Россия бахъун къватlиб батиги щакаб жо буго. Дица гlажаиблъи гьабуна цо магlарул районалда 90 процент филологазда ункъилалда ЕГЭялъул экзамен кьезе кlоларин лъайкьеялъул управлениялъул хlалтlухъанас абидал. Кин гьез жидедаго лъалареб жо лъималазда малъилеб? Ихтиярал цlуниялъул органал, прокуратура, суд ришватазги, коррупциялъги ккун рукlин лъалареб лъимер батиларо жакъа Дагъистаналда. Гьеб кинабго коррупциялъул гьабихъа гъурунги, чухlунги бацlуниги унеб буго гъарим мискин халкъ. Тlад тарал чагlи чlаго рукlаго гьезул цlогь къватlиб чlвалев чи ккани гьев «вагьабияз» чlвала. Дагъистаналда чlварав щинав чи реххулеб гвенд буго «вагьабиялин» цlар лъураб. Гьелги малаикзаби гурел хlакъаб жо гьечlищха, амма цlакъ санагlатал чагlи руго киналго такъсирал тlаде реххизе. Хlакимзаби нахъойги жидерго пишаялда. Чlаго рукlаго гьел какизе кlолеб гьечlо, хун хадур "Дагъправдаялда" ва "Хlакъикъаталда" бачlуна некролог: пуланав Мухlамад Мухlамадовичас дунял теялда бан Дагъистаналъ чlегlер бан бугин. Гьенир нахъа къого соналъ хисуларел цохlого чагlазул фамилиябги рукlуна зигара балел. Пайда щиб, хъвазе бегьулеб гьечlо гьев пуланав чи цlогьорги вукlанин, чlвадарухъанги вукlанин, хlалихьатги вукlанин. Рекъон гьечlо абула, бищунго гьесул хlакимлъиялъ гlакъуба бихьараздаса байбихьун гlадамаз, хваразул хlакъалъулъ я щибниги абуге, я лъикlаб рагlи абеян бугелъул нилъер гьаниб. Чlаго вукlаго кlолеб гьечlо, хварабго рекъон гьечlо. Вукlарав хlалимав, ракl гlатlидав чиха мунагьал чурадин бадиб магlу ккун хварасул гlагарлъиялъе гьев веццулел рукlуна гlадамал. Гьесул зулмуялъукь букlараб халкъалъ хварав веццулев рагlула аскlов вугев цоги зулмучиясда. Сундаса ва лъикьа хlинкъун гьес бикьичlого телеб халкъалъул гьеб пикру бихьулаго. Дица нахъойги абулеб буго, чара гьечlого хlакъаб рагlи абизе ккола халкъалъ хlакимзабазда. Хlал кlвани чlаго рукlаго, кlвечlони хун хадургlаги хlакъикъияб къимат чиясул ишазе кьезе тlадаб буго. Цересезул ишазе халкъалъ кьолеб къиматги, нахъе тараб лъалкlги бихьунгlаги кантlилародай хъулухъчагlи?

Нилъер улкаялъул гlумру ана щив пача щваниги гьесие хъат чlвалаго. Поэтас абухъе:

Чlахъагиялъе чlвана
Тlагlагиялъе чlвана
Тlадвугесе нагlана
Кьолеб мехалда чlвана.
Гьесие рецц гьабигун
Тlадеги рахъун чlвана,
Гlемерал хъатал чlваялъ
Сагlтил хъаравул бортун
Йокьулейгун дандчlвазе
Кватlулевцин ватана...

цlиял гурел харбал

Ташкапуралда теракт – Хьаргаби районалъул бетlер М.Мухlамадовасде гьужум

Арбагl къоялъ Ташкапур росулъ нухда аскlоб лъураб машина кьвагьиялъул хlасилалда микьго чи хун вугин баян кьуна цlех-рехалъул комитеталъ.

Теракталда хурхун батlи–батlиял рукlана пикраби: цояз полициялъул хlалтlухъаби чlваялъе гlоло, цогидаз кьвагьи бахъараб механда гьениве ккарав Хьаргаби районалъул бетlер Мухlамад Мухlамадовасде (Махlачиде) гьабураб теракти. Ахиралда цlех – рехалъул хlалтlухъабаз кьураб баяналда рекъон, аслияб гlиллалъун рикlкlунеб буго районалъул бетlер чlвазе къасд гьаби.

Кьвагьи бахъун буго Мухlамад Мухlамадовасул машинаби ва охрана аскlоса унаго, гьесул машинабазеги зарал ккун рагlула, амма гьев цlунун рукlарал гlолохъаби ва районалъул бетlер сахсаламатго рорчlун руго. Нухлул рагlалда лъилали лъалареб автомашина бихьун аскlоре рачlарал полициялъул хlалтlухъабазул цояв чlван вуго, цогидал лъукъун руго ва аскlоса унеб "Жигули" машиналда букlараб цо хъизаналъул чагlи цадахъ хванин бачlана баян. Цlех-рехалъул хlалтlухъабаз аслияб гlиллалъун рикlкlунеб буго Хьаргаби районалъул бетlер чlвазе къасд гьаби.Унеб буго цlех – рех, хьул буго хlасилал кидаго гlадинал рукlинарин.

Коррупциялда данде митинг

Октябралъул лъабабилелда Дагъистаналда тlобитlизе буго коррупциялда данде къеркьеялъул рахъалъ митинг.

Гьеб гlуцlулез хlисабалде босун буго митинг тlобитlизе Махlачхъалаялъул Хъахlаб рукъалда цебе бугеб майданалда. Митингалъул гlахьалчагlаз Дагъистаналъул тlалъиялдаса тlалаб гьабизе буго, коррупция дагь гьаби ва социалияб рахъалъ гражданал цlуни. Гьеб тlобитlизе аслияб къагlидаялда квербакъизе буго жамагlияб гlуцlи «Отечествоялъ», «Афганазул рагъул ветераназул гlуцlиялъ» ва Табасаран районалъул коррупциялда данде къеркьолеб комитеталъ.

«Тlалъиялъ хlал бихьизе буго Хъахlаб рукъалда цебе бугеб майданалда митинг биччангутlизе, амма ниж къеркьезе руго гьениб тlобитlизе, киналго документал ва законалъул процедураби тlуран руго» - ян абуна митингалъул церехъабазул цояв Казихан Къурбановас.Нижер хlаракаталъул аслияб мурадги буго федералияб централда республикаялда бугеб ахlвал – хlалалде кlвар буссинабиялъул мурадалда гьабулеб къеркьейин тlаде жубана Къурбановас. Гьелъул хlасилазул ва хитlабазул рахъалъ баян «Миллаталъ» иргадулаб газеталда кьела.

Баркалаялъул бакIалда къватIул харбал риччан ратана

◆ Зульфия ХIАЖИЕВА

(ХАЛКЪ РАКЪЛИДЕ АХIУЛЕБ КОМИССИЯЛЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ)

Диниял дандеккунгутIаби ругел гIадамазда гьоркьоб маслихIатги гара-чIвариялги гьаризе лъугьаралдаса ризлъанин Дагъистаналда кьвагьа-гIанхъиялин рикIкIунеб буго жамгIияв хIаракатчи Уладиев Сулайманица. Гьес гьединго бицунеб буго Россиялда гIемерлъулел ругин гIицIго къуваталдалъун гурони Дагъистаналда ахIвал-хIал рукIалиде бачIунарин рикIкIунел гIадамал. Уладиев разияв гьечIо ярагъги гIодоб лъун халкъ ракълиде ахIулеб комиссиялдехун пачалихъалъул цо-цо хъулухъчагIаз гьабулеб бербалагьиялдасаги.

Ярагъги гIодоб лъун халкъ ракълиде ахIулеб комиссиялда гъорлъ пачалихъиял хъулухъчагIи рукIаниги, гьелъул аслияб хIалтIи тIаде босарал чагIилъун Сулайман Уладиевги ГIабас Къебедовги рикIкIуна республикаялда. Кьалда бугеб кIиябго рахъалъул гIадамал цойиде ахIизелъун Москваялдаса ихтияр цIунулелги ахIун исана рииниса къватIире рачIунареллъиги, бида бецIцIулеб бугеб Дагъистан данде бачине кIолареблъиги бичIчIун букIана нижеда гьеб комиссия гIуцIулеб мехалдаго. ГIабдалзаби гурелъул нижги. Гьеб гIуцIун букIана кьалда ругел кIиябго рахъалъул диниял гIалимзабиги гIодор чIезарун, рачIайин гIадамал ва бусурбаби дал кIудияб данделъиги тIобитIана гьез МахIачхъалаялда. Амма жал гьедин маслихIаталъул хабар бицине лъугьин рекIее гIолеб гьечIин пачалихъиял хъулухъчагIазеян абураб щаклъи бижун буго Уладиевасулъ. Дагъистаналъул президентасда сверухъ ругел батIи-батIиял гIадамаз билълъинабулеб бугила гьаниб гIицIго къуват хIалтIизабизе кколин абураб пикру. Гьединабго пикру Москваялдалги рагIулин бицунеб буго С. Уладиевас «Миллаталъе»:

«Гьанжегiагар Дагъистаналде вачIун вукIана Россиялъул НАКалъул нухмалъулесул гIакълучи Андрей Станиславович. Гьаниб лъугьунеб бугеб жоялда гьевгIан ракIунтарав чи республикаялдацин ватичIо дида. Тарихиял гIелмабазул доктор вукIиналъ, нилъер гьоко кибехун гирулеб бугебали кутакалда лъикI бичIчIулеб букIингIаги батила гьелъие гIилла. Дагъистаналда ахIвал-хIал рукIалиде бачIунин гIицIго зулмуялдалъунги къуваталдалъунгийин рикIкIунел чагIи гIемерлъулел ругин Россиялда, погонал рарал рачIел батIалъи гьечIого киназго абулеб бугила гьедин. Гьал нужерго унтабазухъ нужгогIаги балагьилин ккун букIанила жидеда.

Ракълида рукIине рачIайин, 15 минуталъ гIодорги чIун рицарал чIорогоял харбаз гьеб параялъго дол рохьор ругел чагIи гьениса къватIире рачIунареллъиги, бида бецIцIулеб бугеб Дагъистан данде бачине кIолареблъиги бичIчIун букIана нижеда гьеб комиссия гIуцIулеб мехалдаго. ГIабдалзаби гурелъул нижги. Гьеб гIуцIун букIана кьалда ругел кIиябго рахъалъул диниял гIалимзабиги гIодор чIезарун, рачIайин гIадамал ва бусурбаби гIадин цоцахъги балагьизе, гьаниб законги билълъанхъизабизе, квешалда тIадги ургъизейин абураб гара-чIвари лъугьиналде хьулгун. Дора Марсалдаса рачIарал чагIи рукIаралани, квер хьвагIун тезе бегьилаан гьел рохьор ругел чагIиха. Амма къойилго гъурулеб бугелъул халкъ, беццаб капкиде кколеб бугелъул тIадеялдаса-тIаде Дагъистаналъул къадру-къиматги. Гьедин букIаниги, валлагь, лъикIаб иш гьабулеб бугинха нужецайин абулел гIадамал рахъинчIо гьанир, Москваялдаса рачIарал чагIи гурони. Гьелъул гIаксалда, нижер рахъалъ батIибатIиял харбал ратана риччан. Масала, дир хIакъалъулъ абун бугоан дун вугин Сайгидпашал президент гьавулев. Валлагьгибиллагьги, таллагьги гьечIо. Ярагьунев чи тезе кIолевани, гьанив президентлъун дица дунго телаан. ГIабасиде абун батана террористазе нагIана кьолеб гьечIин гьес, гьезул рахъалъ квешаб жо абулеб рагIичIин.

Комиссиялъул хIалтIудехун цо-цо чиновникказул тIасамасагояб бербалагьи букIиналъе гIилла батизе буго гьениб гIарац гьечIолъи. Кисаха гьеб букIинеб, кинабго канцеляриялъул къайицIаялдаги сапараздаги тIад нижеца нижергоги гьудул-гьалмагъзабахъа балагьарабги гIарац харж гьабулеб мехалда. Гьединго абичIого гIоларо, ниж артисталги гуро, реклама къваригIунги рукIинчIо, амма комиссиялъул хIалтIул хIакъалъулъ бицаниги бегьилаан телевидениялдасангун газетаздасанги. Чанго секундалъул сюжеталда щибин бицинеб?».

Уладиевас бицинчIониги, гIадамазда гьоркьоб бицен буго гьеб комиссиялъул вакилзаби кIиго магIида рарал чагIи гIадин ругилан. Щайгурелъул, я чиновникал, ялъуни рохьилал тIубан божулел гьечIо гьезда.

«Рохьор ругезда ккола Аллагьасул закон билълъанхъизабизе кколеб бакIалда, гьал гьанир хIукуматалъул закон билълъанхъизабулел ругин. Рохьор ругезулгун щиб накъит азул букIунебали щибин лъалебилан, хIукуматалъул чагIазулъги щакдари бижула. Амма цоцаца чIван лъугIулеб халкъ букIин бихьидал, бегьиларин гьаб гьадин тезеян ракIалдеги ккун гIуцIараб жо букIана гьеб комиссия. Милицабазул эбел-эмен руго гьанже гурев гьанже вачIинин чIвазеги чIван жидер вас рокъове. Кидадай жидер вас чIван вачIинаян руго рохьор ругел васазул эбел-эменги. Гьедин ракI унтун цо жо гьабизе лъугьарав чи гIабдаллъун рикIкIунеб замана бачIун буго Дагъистаналде. Инвестициязулги бицунел руго нилъ. Гъурущ босун цо чи вачIунаро гьаниве, гьаб рагъмуч лъугIичIони», – ян абуна «Миллаталъе» Сулайман Уладиевас.

Цо-цо баяназда божани, гьеб комиссиялдаги божун, жал киданиги тIокIалъ я митингалде, я данделъабазде рачIунарин абун бугила рохьилазги салафитазги. Исана 1 июналда букIараб митингалда гIахьаллъиялдасаги кутакалда рекIекълъун рагIула. Щайгурелъул, къватIиреги рачIинарун, гьанже закон цIунулез хасаб сияхIалде росун ратанила жал.

ПалхIасил, пикру батIиязе гьединан къоралги гъезе ратани, данделъабазде ахIарал гIадамал гIодор чIезаризе цохIо зал кьей гурони, Дагъистаналъул чиновниказдаса тIокIаб батIияб кумекги щвезе батичIони, дол гIадамал дора рохьор жеги чанги соназ рукIине ратила.

Ракълида рукIине рачIайин, 15 минуталъ гIодорги чIун рицарал чIорогоял харбаз гьеб параялъго дол рохьор ругел чагIи гьениса къватIире рачIунареллъиги бида бецIцIулеб бугеб Дагъистан данде бачине кIолареблъиги бичIчIун букIана нижеда гьеб комиссия гIуцIулеб мехалдаго.

«Анжи» командаялъул тренер хъулухъалдаса нахъе витIана

Алексей Гордеев

Роберто Карлос



ХIажи ХIажиев

«Анжи» командаялъул бетIерав тренер ХIажи ХIажиев отставкаялде витIанин лъазабулеб буго клубалъул официалияб сайталда.

Гьелъие гIиллалъул рикIкIунеб буго командаялда цере лъурал масъалаби тIураялъе кIвараб хIаракат бахъунгутIи. Ахирал хIаязда «Анжи» къуна «Кубаналъ» (0:1), «Динамоялъ» (0:1), «Терекгун» бергьенлъи лъачIо (2:2).

«Дикая дивизия» фанатазул гIуцIиялъ XI. ХIажиев нахъе ин тIалаб гьабизе байбихьана 26 сентябралда МахIачхъалаялда «Терекгун» букIараб хIаялдаса хадуб. ГьабсагIат командаялда тренерасул хIалтIи гьабизе буго кIиабилев тренер Алексей Гордеевас ва Роберто Карлосица. Хадусеб хIай «Анжиялъ» тIобитIизе буго» 2 октябралда МахIачхъалаялда.

◆ Зульфия ХIАЖИЕВА

Шамиль Валиев:

«Нижер ракьалда хIалтIулел чагIаз нижергун гIаммаб мацI батизе ккола»

Гьоцiалъ ГЭСалда хурхун Арбитражалъул судалъ гьабураб хIукмуялъулги пачалихъалдехун жидер ругел тIалабазулги бицине цебесеб номералда «Миллаталъе» кьураб рагIи ккуна Шамиль Валиевас. Гьев ккола гьеб росдал администрациялъул бетIер.

— Рецiалил гIарац щвезегIан ГЭС базе биччаларин нуж лъугьин мекъи руго. Щайгурелъул, «Сулахъалъул Гидрокаскадалъ» 49 соналъ гьеб ракьалда бокьараб гьабизе ихтияр росдал администрациялълъидал кьун бугеб?

— Дуца Арбитражалъул судалъул хIукмуялъул бицунеб батани, ниж ахIун рукIана кIиго-лъабго нухалда. Щибаб нухалда къезеги къуна ниж гьенир. Щайгурелъул гьагъаб ГЭС базе байбихьараб мехалда росдаца гIуцIун букIана жамгIияб комиссия. Гьелъул цо данделъиялдаса хадуб гьеб комиссиялъул нухмалъулев ГIамирханов ГIамирханица абуна дидаса цеве росдал бетIерлъун вукIарав чиясда талихI кьегийила, комиссиялъул изну гьечIого ГЭСалда хурхарал кагътазда гъоркь гъулбас лъогейила дуца. Росулъ рищиял байбихьизе анлъго къо хутIараб мехалъ гьабун батана сангар базе ракьул 2, 63 гектар арендаялъе кьолеб бугин абураб хIукму. Хадубго гьелда рекъон районалъул бетIер М. ГIисаевасги официалияб къагIидаялда гьабун батана цогиги хIукму – гьеб ракь 49 соналъ арендаялъе «Сулахъалъул Гидрокаскадалъухъе» кьолеб бугин абураб. Жидеда дандги бачIого гьабураб хIукму бугилан, рази гьечIого букIана жамагIат гьеб мехалда. Гьеб хIукму нахъбахъизейинги рукIана, амма ракьул хъвайхъвагIайги, гIорхъабиги, цогидабги гьабун букIинчIолъиялъ хадуб бехъерхъун хутIанаха гьеб. ХутIаниги ракьул бетIергьаби рихьизарулел официалиял киналго документалги хIадурана нижеца гьанже.

— Араб рузманкъоялъ республикаялъул хIукуматалда тIобитIараб данделъиялда абуна лъеда гъоркье унел ракьазухъ рецiалил гIарац щвезе бугила нужее октябрь-ноябралда. Ансал рази гьечIо жидее пачалихъалъ чIезабураб рецiалил гIарцул къадаралда. Нужер бугищ гьединаб тIадкIалъай?

— Гьезул буго дагьалъ батIияб суал. Щайгурелъул гьел ракьул бетIергьабилъун рихьизарун рукIинчIо. Ниж руго. Унсоколо районалда ГЭС балеб мехалда тIубан законалги батIиял рукIана. Гьединлъидал ракьудаса щолеб букIараб хайиралдаса гурони, жибго ракьудаса махIрумлъанин рикIкIунел гьечIо гьел. Нижер гьаниб гьаб кинабго байбихьидал цеве вукIарав бетIерас абуна росдае бихьизабураб жо 59 млн бугила, росдада тIад бикьани, щивасе 15 азарго гъурущги щолеб бугила, гьеб лъикI бугила. Амма жамагIат гьелда разилъичIо, батIи-батIияб сумма къваригIун букIана киназего. Щибаб хъизаналъе 750 азарго кьейин абулеб букIана гIадамаз. Хадуб абуна хъизаналъе лъаб-лъаб млн гъурущ кьейила. Гьеб мехалда, гIадамазул митингалги рихьидал, тIалабалги рагIидал, хIукуматалъул чагIаз абуна лъидаго вачIев экспертги вачун, ракьул багьа чIезабейила. Гьедин гьабунаха нижецаги. ЧIезабуна ракьул багьа – 950 млн гъурущ. Гьелдаса хадубги ракь хиралъиялда ва цогидалда банилан, цо млрд 63 млн гъурущин гьабуна ахиралдаги гьелъул багьа. Куракул ахал ругеб бакI кколелъул гьеб, багьа чIезабулелъул аслияб куцалда хIисабалде босун букIана базаралда куракул багьа 40 гъурщиде букIин. ГьабсагIаталдайин абуни нусидаса цIикIкIун гъурущ кьола гьелъухъ.

Араб рузманкъоялъ республикаялъул хIукуматалда тIобитIараб данделъиялда нижеда абуна исана 400 млн босейила нужеца. 30 ноябралда гьоцIдерил счеталде гьеб гIарац рехизе рагIи кьуна хIукуматалъул вице-премьер Ризван ГъазимухIамадовасги. Гьоцiдерил ракьазул 75 процент унеб бугелъул лъеда гъоркье, цIикIкIун гIарацги нижее щвезе ккола. Администрациялде гьеб гIарац бачIарабго, лъие кигIан кьелебали цIех-рех гьабизелъун нижеца росулъ референдум тIобитIизе буго. Жеги 100 млн кьезе буго магIладерие, къородисезе, кIикIундерие. Гьедин кинабниги 500 млн бачIине бугин ГьоцIалъ ГЭС балаго ракьал лъеда гъоркье арал росабазейин бицана хIукуматалъул данделъиялда. Амма шаргIияб къагIидаялда гьабулеб бугони, гьел киналго ракьал гьоцIдерил ккола. I938 соналдаса хадуб советияб власталъ кьун рукIана гьезухъе гьел. Гьанже нахъалъагIанги боцIи-панз хьихьун нижеца пайда босулаан гьездаса. ГЭСалъул хабар баккидал лъугьанаха гьел гьезул бетIергьанлъи гьабизе. Амма рецiалил гIарац кодобе щварабго гьеб нижехъе кьеян абизе буго магIладеридаги, кIикIундеридаги, къородисездаги. ХIакъикъаталда хIалалаб букIунарелъулха гьезие гьеб. БетIергьанлъи чIезабулел документалги руго нижер. Шамил имамасул заманалдаго рукIарал документал ккола гьел. ПолхитIайин абулеб бакI буго кIикIундерида аскIоб – 3, 9 гектар. Хунзахъ районалъул нухмалъиялда вукIаго Маххулов МухIамадица кIикIундерие сайгъат гьабураб нижер ракь ккола гьеб. Гьединлъидал бищунго цIикIкIун лъеда гъоркье нижер ракьал унел рукIиналъ унтун буго нижеда гьеб. ГьоцIалъин абуни гьадингоги ракь мукъсанаб бакIин рикIкIуна. Амма гьелда тIадеги хайирги цIикIкIун цогидазе щолеб буго. Масала, Хьаргаби районалъе. Гьединлъидал Дагъистаналъ гIезегIан рецIел кьезе ккола нижее. Рес гьечIеб батани, ккоге нижер ракьги, баге ГЭСги. Жакъасел багьабазул хIисаб гьабун, 565 млн гъурщиде соцкультбыталъул объектал разе ккол рукIун руго ГьоцIалъ. ГьабсагIаталдаги хIукуматалда ругел чиновниказул гъулбасалги лъураб гьединаб документ буго дихъ. Анкьил бутIаялъул цогицин гьабун гьечIо жакъа къоялде гьениб.

— Рецiалил гIарац гуребги, цогидал тIалабал кинал нужер ругел ГЭСалда хурхун?

— ГЭС базейин гьабураб хIукму буго 1988 соналдаго гьабураб. Гьеб мехалда гьел ракьал ГьоцIалъ совхозалда гъорлъе унаан. Гьеб совхозалда гъорлъеги унаан БуцIра, ГьоцIалъ, ТIагьада, ХъахIикIкIал,Уздалросо. Гьезул хIисабги гьабун соцкультбыталъул объектал разейин абураб хIукмуги букIана. Гьанже совхозги бихханин, гьел росабиги нахъе анин нижеда гьоркьосайилан объектал рачIого тей мекъи букIинарищха. ГЭС балеб бугеб ракь тIолабго нижерлъидал. Гьединлъидал нижее къвари-къваригIарал объектал раян тIалаб гьабулеб буго нижеца. Гьедин церегIан соназда энергетиказ гьанжесел тIалабазда рекъон бараб лъикIаб школа буго ГьоцIалъ. Гьединго районалъ росулъ бараб больницаялда тIадеги цIияб корпусги бана гьез. Цересел соназда хIукуматалъ байбихьун букIана ГьоцIалъе лъим бачине, амма улкаялда гьаб хIапу-чапурги лъугьун, рагIалде бахъинабичIого тана гьеб. Гьедин риидал лъалъадизе хIалтIизабун гурони, хасало цIерги чIван гьелдаса пайда босун бажаруларoан. Гьанже росдае хIажатал суалазул сияхI кьейин энергетиказ абидал, нижеца гьениб 39 млн гъурщил багьаяб лъел рогIоро хIажат бугин бихьизабуна.

Гьале гьанже гьебги хадуб бехъерхъизехъин буго. Жиндиего дандекколеб командаялъе тендр бергьинчIолъиялда бан, судазде ишги ккезабун Промсвязалъул министр Насрудиновас вала-рахас гьабулеб буго гьелъул. Хасел тIаде щвелалде гьабизе ккола доба гьеб хIалтIи. Гурони исанаги лъимги гьечIого хутIизехъин руго ниж.

— Лъеда гъоркье некIсиял хобалги кколел ругилан ахIи буго археологазул…

— Ислам баккилалдего рукIарал, христианазул, хас гьабун гуржиязул хобал руго дора. ГIорккун эхере рачIунел рукIиндалха гьел некIо. Шамил имамасул заманалдаго рукIарал гъазизабазул хобал руго. Археологалги рукIана гьенир квалквадулел. Росдал изну гьечIого бусургьабазул хобал ругеб бакIалда нужеца квер хъвагейин лъазабуна дица гьезда. Нагагь лъеда гъоркье ккезе ратани, рукъизе гьениса цогидаб бакIалдейищ гьел рахъилел, яги щиб гьабилебали гIалимзабазда гьикъиларищха нижеца.

— Техника-жоялъул кумек щолищ нужее энергетиказдаса?

— Щола, амма кIваричIеб анищин ккараб мехалда. Бульдозер къваригIун бугилан аскIоре ани, цо моцIидасан кьола. Нижее гъоб моцIидасан гуреб, добго къоялъ къваригIун букIуна. Нижер ракьалда хIалтIулел чагIаз нижергун гIаммаб мацI батулеб гьечIони, нижер ихтияр буго шаргIияб къагIидаялъ гьездаса жаваб тIалаб гьабизе. Ракь нижер букIуна анкьго тIелалъ гъоркьеги тIадеги.

! **ГьоцIдерил ракьазул 75 процент унеб бугелъул лъеда гъоркье, цIикIкIун гIарацги нижее щвезе ккола. Администрациялде гьеб гIарац бачIарабго, лъие кигIан кьелебали цIех-рех гьабизелъун нижеца росулъ референдум тIобитIизе буго. Жеги 100 млн кьезе буго магIладерие, къородисезе, кIикIундерие. Гьедин кинабниги 500 млн бачIине бугин ГьоцIалъ ГЭС балаго ракьал лъеда гъоркье арал росабазейин бицана хIукуматалъул данделъиялда.**



ГьоцIалъ ГЭС

◆ Маркъо ШАГІБАНОВ
«Новое дело» газеталъул бетІерав редактор

Алазаналъул бетІералдехун бугеб Грузиялъул Ахметский район XX –XXI абилел гІасрабазда дора ккарал политикиял лъугьа – бахъиназдалъун машгьурлъун букІана. БатІияб, хутІараб Кавказалдаса хасаб ахІвал – хІал лъугьун букІана гьениб XIX – XX абилел гІасрабазда, гьелъул рахъалъ бицунеб буго гъоркьехун кьолеб макъалаялда машгьурав журналист, «Новое дело» газеталъул бетІерав редактор, тарихчи Маркъо ШагІбановас.

Дуиси росулъ ГІиса-апандил рукъ

ГРУЗИЯЛЪУЛ ПАНКИССИ ТАШИСА ГІИСА – АПАНДИЛ

Панкиси кІкІалахъ гІумру гьабулезул аслияб къадар халкъалъул руго кистинал, хІакъикъаталда гьел ккола XIX гІасруялъул тІоцебесеб бащалъиялда гьенире гочарал чачанал. С.К. Чхенкелил бихьизабиялда рекъон, Панкистиялде тІоцересел кистинал рачІун руго 1826 абилеб соналъ. Гьел соназда тІоцеве гьениве вачІун Дуиси росу чІван буго цо чияс жиндир гІагарлъигун вачІун, хадуб Шамилил Имаматалъул заманалда 1840 абилел соназда гІуцІун буго Джоколо ва Омало росаби, хутІарал кватІун лъугьана. Аслияб къагІидаялда гьенире гІадамал гочун лъугІана 1860 абилел соназде. Панкисиялде гочунел рукІана дагьал ракьал ругел Итумхъала районалъул Мелхиста, Терлой, Хачарой, ва Гезехой росабалъа гІадамал. Гьездаго цадахъ гочана гьенире ингушал – галашевал, джерахал ва Дагъистаналдаса аваразул, аслияб къагІидаялъ диниял хІаракатчагІи. Гьел халкъазда цадахъ гьабсагІаталдаги гьениб гІумру гьабулеб буго 1990 – 2000 абилел соназда гочарал, азаргоялде гІагарун чачанал. Кистиназ гІумру гьабулеб буго хадур рехсарал росабалъ: (2002 абилеб соналъул переписалъул хІасилал)

№	Название села	жителей	кисты	другие
1	Дуиси	4103	78%	чеченцы - 19%
2	Джоколо	1228	79%	чеченцы - 13%
3	Омало	1221	97%	
4	Биркиани	910	93%	
5	Цинубани	264	77%	чеченцы - 16%
6	Шуа Халацани	189	96%	
7	Земо Халацани	125	71%	грузины – 26%
8	Квемо Халацани	122	75%	осетины – 21%
9	Думастури	231	29%	осетины – 55%
10	Кварелцкали	299	16%	грузины – 81%

Гьаб сагІаталда гІаммаб халкъалъул къадар босун, Дамасутри росулъ кистинал руго бищун цІикІкІун, ахираб ичІго лъагІалида жанир гІемерал осетинал ана гьениса нахъе. Халкъалъул къадар Ахметский районалда бахуна 33,7 азарго чиясде, кистиназул къадар гьениб буго 20 %, чачаналгун цадахъ рикІкІун 24 % бахуна. ГьабсагІаталда гьел киналго руго бусурбаби. Исламалъул асар гьениб цІикІкІана рагъ ккун гочун рачІарал чачаназдаса.

ГьабсагІаталда Панкиссиялда исламалъ тІокІлъи босиялъе сабалъун ккана XIX – XX абилеб гІасруялда рукІарал хІалуцарал рагъа - рачариязулъ Дагъистаналдаса авараз гІахьаллъи гьаби. Дуиси росдал кьучІ бусурбабаз лъуниги гьезул дин букІана цІакъго загІипаб, диниябе лъай мукъсанаб, тІуралел рукІинчІо гьенир бусурбабазда тІадал шартІал.

М.Абуташвилил хъвай-хъвагІаязда рекъон 1845 абилеб соналъ гьенире гочарал бусурбаби кистинал 1866 абилеб соналъ зулмуялдалъун христианство босизе тІамун рукІана. «Кавказалда православияб христианство» абураб гІуцІи гьабун букІана гІурусаз 1860 абилеб соналъ Тифлисалда. Кистиназда гьоркьоса бусурбабиги тІамулел рукІана ГІисал дин босизе ва гьеб тІибитІизабизе.

! Он Создатель. Это место захоронения шейха, совершенного муршида, известного в народе, как солнце днем, Исы-афанди, сына превосходного шейха Ибрахима ад-Дагистани ат-Таши, умершего, да смилуется над ним Аллах, 8-го дня благословенного месяца раджаб 1338 года (27 марта 1920 г.)».

Д. Павлиашвилил бихьизабиялда рекъон XX абилеб гІасруялъул байбихьуда кистиназул цІикІкІараб къадар христианствоялде буссун букІун буго, 771 чи христианазул, 200 бусурбабазул. Цогидал баяназде раккарабго гьел баянал ритІухълъулел гьечІо. Гьезда рекъон 546 чиясдаса 47 чи гурони ГІисал диналда вукІун гьечІо.

Дуиси росдал аслияб халкъ бусурбабилъун рикІкІаниги гІемерал сонаца гьениб мажгит базе толеб букІинчІо. Ихтияр щвана 1898 абилеб соналъ. Гьеб изнуги Тиатен уездалъул начальникас нахъе бахъана. Гьелъие баян букІана христианствоялда ругел кистинал исламалде цІалин. Кистинал ана Белоканалдаса аварав Баканасул ГІабдулахъе жидее ислам малъизе ва мажгит базе биччаялъе квер бакъеян. Гьес Кавказалъул муфтиясухъе дуисазул вакилзабиги рачун ун ихтияр кьезабуна ва I902 абилеб соналда бана мажгит. Гьениб тІоцебесеб исламалъул тадбирал гьарулел чагІи жидерго чачаназул рукІун руго. Хадув гьениве вачІун вуго Курмахіама абурав дибир (**цІаралъухъ балагьун аварав вукІине ккола**).

Хадув кистиназ гьениве ахІун вуго дибирлъун Дагъистаналдаса Къурбан абурав аварав, гьес ячун йиго кистинай ва гІумру гьабун гьенивго хутІун вуго. Гьаб сагІаталдаги Дуиси росулъ руго гьесул наслаби. Амма гьесул наслабаз фамилия гуржи къагІидаялъ Хангошвили абун босун буго. Гьезул рагІабазда рекъон, гьел руго Къурбанил кІиабилей чІужуялдаса лъугьарал наслаби, тІоцеесей чІужуялдаса руго Дагъистаналда, Дзержинское ва Кокрек абурал Хасавюрт районалъул росабалъ. Къурбанидаса хадув Панкиссиялда дибирлъун букІана Тавсолта абурав чачанав, 1905 абилелдаса 1909 абилеб соналде щвезегІан.

Л.Ю. Маргошвили абурав гІалимчияс хъвалеб буго, гьел соназда гьениве вачІана Накъшубандияб тІарикъатги босун Исс – Эфенди (ГІиса – Апанди) абурав аварав. Гьес кьучІ лъунин гьениб цІияб сектаялъеян. Исс – Эфенди хвана I920 абилеб соналъ Дуиси росулъ, вукъана Лагодехи районалъул Кабали абураб росулъин хъвалеб буго.

Гьаб бакІалда ракІалде щвезабизе кколеб буго 20II абилеб соналъул июналда гьал мухъазул автор щвана гьеб Дуиси абураб росулъе ва дандчІвана ГІиса – Апандиясул ясалъул вас 82 сон барав АхІмад Багакашвилигун.Гьесул рагІабазда рекъон, АхІмадил инсул рахъалдаса гьесул умумул рачІун руго XIX абилеб гІасруялда Чачаназул Майистин кІкІалахъа. Гьениб умумузул ракь букІараб бакІалда АхІмадица бан буго цІияб рукъ, ГІиса – Апанди вукІараб рукъ хъвачІого тун буго.

Багакашвилил рагІабазда рекъон, ГІиса Апандил рукъ тун буго гьев живго ракІалде щвеялъе ва муридзаби зияраталъе хьвадулеб бакІ хІисабалда. АхІмадил инсул рахъалдаса кІудияв эмен МахІам Багакашвили ва эбелалъул эмен ГІиса – Апанди рукІун руго гьудулзаби, гьелъ гІумру гьабулеб букІун буго МахІамил рокъоб ГІиса – Апандица. АхІмадица бицунеб буго: «Нижер умумул Чачаназул мугІруздаса гьанире гочараб мехалда гьел бусурбаби рукІун гьечІо. Гьаниб байбихьун буго христианство тІибитІизе, дагьазул гурони исламги букІун гьечІо. Бугебги цІакъго мукъсанаб букІун буго. Гьеб рагІарав ГІиса – Апанди гочун вачІун вуго гьаниве ислам щула гьабизе ва тІибитІизабизе. I2 соналъ тІибитІизабуна гьес ислам, живго хвезегІан.» - ин абуна АхІмадица.

ГІиса – Апандиясул рукІарал караматазулги бицана АхІмадица. ТІаде вачІарав чиясул пикраби цІалулаан, лъалаан рекІеда бугеб жо. Живго гьев хвараб мехалда гьесул чу хІихІилаго Кабали цебе гьес гІумру гьабулеб бакІалде ун буго ва рокъосезда лъан буго ГІиса – Апанди хваравлъиян абуна АхІмадица. Гьедин рачІун руго Кабалиялдаса гІагарлъи Дуисиялде ГІиса –Апанди хваравлъиги лъан.

Хвалда цебе гьесие бокьун букІана

КIКIАЛАХЪ XIX –XX ГIАСРАБАЗДА ХIАРАКАТАЛЪ ИСЛАМ ТIИБИТIИ

Панкисиялда живго вукъизе, амма лъалаан гьесда гIагарлъиялъ гьенив толаревлъи. ГIиса – Апанди хвараб рукъалъул азбаралда чIван буго зани.

Гьелда хъван буго: ***«Гьаб зани буго мунагьал чураяв шайих ва муршид ГIиса – Апандил, Ибрагьим – Дагъистаниясул вас, хирияб Ражаб моцIалъул анцIила цоабилеб къоялъ ахираталде арав (1920 с. 30 аб. Март). Гьезул кIиясдаго Аллагь гурхIайги. Гьаб зани чIана гьесул кIудияв вац Ражабица 1338 абилеб*** **соналъ.»**

ГIиса – Аапандияс гIумру гьабураб рокъоре гьабсагIаталдаги щибаб рузман къоялъ муридзаби рачIуна. КъалъизегIан гьенире рачIуна руччаби, къалъудаса – бихьинал, аслияб къагIидаялда ригь арал чагIи. Ниж гьенире щвана рузман базегIан, жаний йикIана къого чIужугIадан жидерго вирд гьабулел.

Росулъ руго къадирияб тIарикъаталъул муридзабиги, гьел данделъула цойги бакIалда. Гьаниб абизе ккола, Дуиси росулъ жамагIат рузманалде уна кIиго мажгиталде, кIудиял чагIи уна басрияб мажгиталде, гIолилал – буго килиса ва киналго кистиназ хъанчие лагъ-лъи гьабулеб букIун буго.

Рарал мажгитал тIалъиялъ риххулел рукIун руго ва цIи гьаризе риччачIого ислам загIиплъун буго. ГIиса – Апанди вачIиналъ хвасар гьабун буго ислам Панкисиялда ва гьев хвелелде киналго росаби исламалде рачIун руго.

Гьединго кумек гьабуна 1917 абилеб соналъ инкъилаб бергьиналъги, Россиялъул империялъул политика нахъе иналъ, хъанчие лагъ-лъи гьабизе тIами ва христианствоялде рачIунезе кьолеб гIарац къотIана гьениб.

ГIиса шайихас киналго кистинал рачуна шаргIалъул ва Къуръаналъул нухде, ахир лъуна гIадатазе ва хъанчие лагъ-лъи гьабиялъе. Гьев вукъун вуго Лагодехи районалъул Кабали росулъ, гьенир гIемерисел руго азербайджанал ва аварал. Гьесул хабаде жакъаги хьвадула муридзаби ва жакъаги гьес караматал гьаризе рукIиналдаги божула.

Гьединаб букIана къисмат Ташазул ГIиса – Апандил. Гьанибго бицинчIого гIоларо Кабали росу гьесул кIудияв вац Ражабица ва гьесул гIагарлъиялъ гIуцIараб букIиналъул. Гьал мухъазул автор щвана гьеб росулъе 2009 абилеб соналъ Алазаналъул жаниблъиялда ругел авар росабазул тарих лъазабизе. Кабали росулъ вуго 3500 чи, Караджала, Ганджала ва Узунтала гIаммаб къагIидаялъ росун 11 азарго чи.

Кабали буго гIемерисел аварал азербайджаназде сверараб гуржиязул росу, хутIаразул росабалъ азербайджанал руго XX абилеб гIасруялъул байбихьуда гьенире рачIарал.

Кабалиялда руго Накъшубандияб ва Щазалияб тIарикъаталда нахъ рилълъарал гIадамал, мацI биланиги дин цIунун хутIун буго. Руго гьенир Белоканалда аварав МаламухIамад шайихасул муридзабиги.

Кабали росдае кьучI лъурал чагIи руго Ражаб, ГIиса - Апанди ва Анцухъгун Ташдерил мухъалдаса гьезул гIагарлъи (гьанжесеб Лъаратla район).

ТIоцебесеб мажгитги гьениб жиндирго ракьуда тIад бан буго ГIиса – Апандица, гьениса 200 метраялъ аскIорго руго хабзалги. Гьениб ГIиса - Апандиясул зонода хъван буго гIарабалъ (гьале гIурус таржама) :

«Он Создатель. Это место захоронения шейха, совершенного муршида, известного в народе, как солнце днем, Исы-афанди, сына превосходного шейха Ибрахима ад-Дагистани ат-Таши, умершего, да смилуется над ним Аллах, 8-го дня благословенного месяца раджаб 1338 года (27 марта 1920 г.)».

ГIиса – Апандиясдаса хадур гьенире гочана Гъарбулъ, НахIада ва Кутлаб абурал авар росабалъа гIадамал, руго Болъихъаги. Гьаб сагIаталда Кабали росулъ лъабазарго чиясда гьоркьов 15–20 чи гурони гьечIо авар мацI лъалел, гьелги ригь арал чагIи. ГIолохъабигун кIалъарабго гьезда лъалеб буго жидерго кьалбал авараздаса рукIин, мацI лъалеб гьечIо.

Шайих ГIиса–Апанди гьесул лъималазул лъималазул рагIабазда рекъон вукIун вуго Анцухъ мухъалдаса, росу гьезда лъалеб гьечIоан.

Тиви росулъ вугев Анцухъа 78 сон барав Бадрудин ГIадаловасул рагIабазда рекъон гьев рагIула Ташдерил Хидиб росулъа, Анцухъдерида аскIоб буго гьеб. (Гьелъие цIиялде. Басрияб мажгиталда данделъула Накъшубандияб ва Къадирияб тIарикъаталъул агьлу, цIиялда – салафитал.

Басрияб мажгиталъул имам вуго 78 сон барав кистинав Идрис - хIажи Цатеашвили. Гьесул рагIабазда рекъон Дуисиялъул тIоцевесев имамасдаги цIар букIун буго Идрис – хIажи. Гьев вукIун вуго Дагъистаналдаса аварав (суйли), къадирияб тIарикъаталъул чи. Гьесул нухмалъиялда гъоркь бан буго 1877 – 78 абилел соназда Панкиси кIкIалахъ тIоцебесеб мажгит. Гьеб заманалда аскIоб бугеб Джоколо росулъ букIун нугIлъи гьабулеб буго зонода Ат –Таши абураб рагIи хъваялъги). Хидисезул цIакъ кIудияб наслу букIун буго гьеб росулъ. Живго ГIиса – Апандиясул рукIун руго 15 лъимал. Гьесул вас МухIамадил - ичIгоял. Живго МухIамадида авар мацI лъалеб бугониги, умумул аварал ругониги паспорталда азербайджанав абун хъван буго.

1930 абилел соназда гьениб рагьана азербайджан мацIалда школа, киналго тIамуна паспортазда азербайджаналин хъвазе, гьелъул асаралъ билана гьениб машгьурав шайихасул наслабазецин аваразул мацIги.

ГIиса-апандил хоб

ГIиса-апанди

! **ГIиса шайихас киналго кистинал рачуна шаргIалъул ва Къуръаналъул нухде, ахир лъуна гIадатазе ва хъанчие лагъ-лъи гьабиялъе. Гьев вукъун вуго Лагодехи районалъул Кабали росулъ, гьенир гIемерисел руго азербайджанал ва аварал. Гьесул хабаде жакъаги хьвадула муридзаби ва жакъаги гьес караматал гьаризе рукIиналдаги божула.**

Шамил Расулов ракIалде щвеялъе

Шамил Расулов Россиялъул дзюдоялъул федерациялъул вице-президент В. И. Плотниковгун

Шамил Расуловас танин рагIидал

Къалам кин босилеб гьанжеги кодой,
Камурал васазул сияхI рехсезе
Рохел гьечIел къоял, къваридал сардал,
Къараб талихIалда хадур хапдезе.

Ургьиб квер бегьараб гьаб балагьалъул
ЛъаратIегийищха тIираби щварал?
Дир кочIолъ ахIараб Алжаналъул ракь,
АхIигун мегъелищ дуде гIунтIараб?

БитIун гIидраялда гIазуги тIупун
ГIаламалъун гьечIищ, лъебел жамагIат?
ТIогьолъ пири щвараб гъветIалда гурхIун,
РухIалилъе ккечIищ тIолго махлукъат?

МунгIаги щайилан… щиб мунагьилан
Жанибго чучулеб гьечIищ гIагарлъи?
ГъалатIго кинабин, хатIаго щибан
Каранлъе гIекколеб течIищ гьоболлъи?

Алжаналде нуцIби рагьарал къояз
КъватIив хутIилинищ гIедегIун арав?
Аллагьасул рахIмат бикьулеб гIужалъ
Гьоркьов хутIилинищ хехлъун вукIарав?

Рохьазда рахчарал беричал чундул,
Чуче нужги магIий, мугIрул васасухъ.
Ножода гурхIулев, хIалай ватулев,
Тохлъизавун вугин… инагьде гьесухъ.

Вехьас ахIаниги хIалай ватулев,
ХIалтIухъан щваниги, нахъ чIван рагIичIев,
ГIадлу хун хьвадичIев, гIаданлъи хвечIев
Хваразулъ рехсезе мех щун букIинчIев.

МугIрул росабалъе нухал гьаризе,
БукIараб дур анищ, анибищ тараб?
Къо ккун раккулезе кумек гьабизе
Батулеб таваккал лъида тIад къараб?

ХабатIе ракь хъвазе хъулухъ букIинчIин
Дур гIолохъабаца рахъарал ракIал
Инсуй зани чIвазе заман щун гьечIин,
ГьитIинал васаца тIамулеб ахIи…

Мунали къанщарав шагьидлъун гурищ,
ГурхIарал гъаримал - дур гъарачагIи.
Дур ккараб мунагьги гьодитIа батун
ТалихI анкьго къарал - дур питначагIи.

Цо чияс биххулеб «кьуру» букIинчIин,
Кьерун къор бухъулез реххичIевани,
АнцIгояс гирулеб «гамачI» вукIинчIин,
Къадараб гуллица восичIевани.

ЯхI бугев векьидал «кьибил» тIун бугин
Кьураб босизеги сабру кье, Аллагь!
БахIарчи вегидал, захIмалъун бугин,
Гьеб ками хIехьезе хIал кье, БетIергьан!

ЯхIалъул рачел къай, вац МахIачица,
РахIманасул къадар къабул гьабизе.
БачIараб къо бикье кьолбол чагIаца,
Чармил вукIарасул васият лъазе!

ГIайшат МАЛАЧИЕВА,
Унсоколо, поэтесса

цIалдолезул асарал

Шамил Расулов къадаралде щведал

Щуабилеб кIал ккураб
Рамазан моцIрол къоялъ,
РагIана цойги кьвагьи,
Мажгиталъул ракьанда…

Гьеб кьвагьиялъ мугIрузде
Кьун араб дандерижи,
Дир ракьалъул гIадамаз
МагIилъги ччун къулчIана.

Къисмат кьолев БетIергьан
ТIад вукIин кIочон тараз,
КIал ккурав буссурбанчи-
Как бан вачIунев, чIвана…

ЧIадаколоб росдал цIар
АхIулев чи рагIани,
ИбрагьимхIажиясул
Васал цере чIолаан…

Гьанже, гIумрудул гьоко
ГIаксалда къирулелъул,
Къадарлъиялъ гIужие
Гъуна гьезулги цояв.

Къадру борхатал рищун,
Дир халкъ гъурулеб гIасру!
ГIайибго гьечIел лъимал,
Бесдаллъизарулел щай?...

Цо кваркьи бекана

(ЧIадаколоса Шамил Расуловасде)

ЯхIалда хIур хъвараб нахъзаманаялъ,
Зодоса тIун ана цо гвангъараб цIва.
ТIадчагIазда гъорлъа, чин бугезулъа,
Чинари щапана дир миллаталъул.

Цо кваркьи бекана, нилъер ракьалъул-
Зобал къотIун унеб къадруяб цIцIудул.
Цояб бер беццлъана, цо гIин гIинкълъана,
ГIаламго чIухIараб дир районалъул.

Анкьракьалъул къадру борхатго ккураб,
Цо яхIалъул хIуби ана ракьулъе.
Лъебелистаналъе чIухIдае кьураб,
Кьурул сси бихана «Рамазан» моцIалъ.

Рузманалъул как бан, дугIаги гьабун,
Дурусаб ниятгун кIал ккураб къоялъ,
Ахираб сапарги цудунго бухьун,
Ана гури, Шамил, ахираталде.

Эбел-инсул ками тIаде щваразда,
ТIатун лъала кьогIлъи бесдаллъиялъул.
Анкьракьалъул гъасда цолъи лъаразда,
Ракьалъул бесдаллъи гьанже бичIчIана…

Дуе Бичас кьураб гIумрудул къисмат,
ГIайибго гьечIого дармида лъурав,
Дур бидул хIакъалда квер хъварав тушман,
Тогеги ракьалда напс гIорцIизегIан.

Дирни щаклъи гьечIо, бачIина цо къо,
Бидул налъулаца рецIдай хIакъ кьолеб.
Шамил, дур рокъобе кьураб магIил тIил,
ТIад буссине адрес цIехолеб буго…

Нилъер бахIарчияб халкъалъул тарих,
Нилъ рихараз буго гIужие гъолеб.
КигIанха лъукъарал? КигIан гъурарал?
РачIа МагIарулал, данде руссинеI...

Хъулухъаз беццлъараз,
напсалъ гIинкълъараз,
ГIарцуца мехтидал биххараб цолъиI
Мех щвечIищ абизе гIаштIичагIазде,
«ГIайиб гьечIел нилъер васал чIваге»- ян!...

Къурбан КIУЛИЗАНОВ

Гьаб кечIалъул автор нижеда вихьа – рагIарав чи гуро, кин бугониги «Миллат» газеталде миллаталъухъ ракI унтун кагъ-тиде къуларав чиясе бакI кьезе хIукму гьабуна рагIи хисичIого. КечI мадараб буго, амма кинго бичIчIизе кIоларо авторасул МухIуде ва Данияловасде бугеб дагIба. КIиабилевни газеталъул гIакълучи хIисабалда вачун ватила, МухIу гьаниве вугIиялъул магIна бичIчIизе кIвечIо. Данияловги, имам Шамилги, КIудияв ГIумаханги лъуна лъабго гIасруялъул бищунго гвангъарал авар халкъалъул мисалал гIадин. Гьелъул рахъалъ хъвараб макъала авторас цIаличIеб къагIида. МухIу ГIалиев гьезда гъорлъ гьечIо, гьев Шамилида аскIов къазавиги бичIчIичIо. Кин бугониги кечI битIулеб буго «Миллат» газеталъул цIалдолезул диванал-де.Хъвай-хъвагIай лъикIаб буго. Бокьилаан авторас нижергун бухьен гьабуни.

ХIурматгун редактор.

Щиб гьабилеб дица . . .

МухIу ГIалиевги имам Шамилги
Щай цого бакIида кIусинарурал?
КIудав ГIумаханги Данияловги
Данде рачулелъул нечечIел киндай?

Квешаб къавмалъ росун
тIад лъуралщинал
ТIегьазариялъул лъаларищ магIна?
Лъавукъал, къабихIал мунапикъахъе
«Ма!»-ян улка кодой киндай бегьана?

Кинабго тарихги хъатикь тIибитIун,
Халгьабун вуго дун Дагъистаналъул.
Дугъдазе ракIалъул чIчIвабиги гьарун,
Рогьел кунчIиялъухъ чIун вуго урхъун.

ЧIун вуго дун урхъун, ва дунго гIадин
ГIезегIан ратиги тамаша гуро.
Таманаб гIакъуба гьекъарал васал
Асирлъуда руго, лъугIиго гьечIеб.

Лъил ракьго гьабилан гьикъани дуда,
Гьелъий жаваб кьезе жакъа рес гьечIо.
Жигаралда вахъун сапар гьабуни,
Цо гьаби рачIуна «чIа!»-йилан данде.

Диниял байрамал бегьиларилан
Багьанаби руго регулел тIаде.
Доб РутIил къавмалъул къулунчагIазул
Къимат цIикIкIиналде цIалеб буго напс.

ЦIацIан кьаназда тIад тIажалги седон
ТIадмагIарул ясал руго свердулел.
Саяхъал бералги ххенезе гьарун
Халпаб тайпа – васал руго сентIолел.

Дир ватIанищ гьаб бакI,
я гьоболищ дун?
Гьанив бетIер биххун ахтан вуго дун.
Ахир заманайищ щун бугеб тIаде,
Щиб гьабилеб дица, бице, я Аллагь!?

Шамилхъала (гьанжесеб МахIачхъала) шагьаралдаса
ГIАЛИХIМАДИЛАЗУЛ ГIАБДУЛЛАГЬ

№16 (16) 23 сентябрь 2011 сон

"МИЛЛАТАЛДА" КIАЛЬЛЕБ БУГО

Паммаб газета гьабуни лъикI букIина



Дица кIудияб гьираялда къабул гьабуна магIарулазул цIияб «Миллат» газета. Гьединаб газета хIажатги букIана, хIажатги букIинчIо. ХIажат букIинчIо аваразул «ХIакъикъат» абураб газета букIиналъ, бегьилаан киналго гьунар бугел чагIиги гьенир данделъун гьеб лъикIлъизабизе. Гьениб дида лъаларо редакторасул гIайибалъищ, ялъуни хIалтIухъаби мекъи чIунищ ричIчIулареб ахIвал – хIал лъугьун рагIула. Камалов ГIалица гьелги нахъе реххун цIиял чагIи росулел ругила, гьел росарал гIоларелъул гьезда щиб даражаялда хъвазе лъалеб бугеб абураб жоялде балагьизе ккелаан. Гьаб сагIаталда «ХIакъикъат» газета кодобе босарабго цо чанго чи гурони гьечIо цIалдолезда лъалел, цIалуледухъ макъалаби хъвалел гьенир ратулел гьечIо. ЦIиял харбалги киназдаго рагIарал, телевизоралъ рихьизарурал рачIуна анкьидаса. Гьеб рахъалъ «Миллаталъул» буго лъикIаб къагIида, цIиял гурел харбал абун кьола гьез, лъугьа – бахъиназда сверухъ анализги гьабун. «Миллат» газеталде хIажалъи ккана магIарулазул «ХIакъикъаталъул» иш лъугIун букIиналъ. Бокьилароан дие киналго магIарулазул гьунар бугел рагIул устарзаби, поэтал, хъвадарухъаби хIалтIараб газета редакторасулгун хIалтIухъабазул дагIбаяз хвезабизе. Редакторасе гьелъул батIалъи рагIуларо, вачIанщинав хIалтIуде восулев рагIула.

Гьанже рачIина «Миллаталъул» редактор М. БисавгIалиевас хъвалеб бугелде. Гьев гьунар бугев, хъвадаризе лъалев чи вукIиналда дагIба лъилниги батиларо. ГIемерал интересал интервьюялги цIалана, республикаялда лъугьа – бахъунелда сверухъ редакторасул каламги бокьула цIализе, амма хъвалеб буго цIакъго хъачIго, критика гьабулев чиясда унтиледухъ. Гьелъ лъикIалде рачунаро, адаб цIунун гьабизе ккола хъвай – хъвагIай.

Кинабго чIегIералъ бельизе бегьуларо, хъвай лъикIал рахъазулги. РагIи батизе махщел бугин гьеб цохIо чияда хIунсизе ва унтизе гуребги хIалтIизабизе бегьула. Дие цIакъ бокьилаан «Миллаталъул» гьунарги «ХIакъикъаталъул» гьунар бугел хIалтIухъабигун гьезул сурсатги цолъизабураб лъикIаб магIарулазул рухIалъулги яхIалъулги центрлъун лъугьунеб газета бихьизе. ХIукуматалъ гIарац кьолеб гуреб магIарулазул къуваталдалъун биччалеб. ХIукуматалъ гIарац кьолеб газеталъул рес букIунаро гьел реццичIого ва кIоларо миллаталъул масъалаби рорхизе. «Миллаталъул» щибаб номералда батулеб буго цIализе интересаб жо, амма гьеб микьабилеб гьумералда киталъул ракI минуталда жаниб чан нухалда кьабулеб абураб чIандаги тун, тIоцебесеб номералда гIадин тарихияб, магIарулазул бахIарчилъиялъул мисал бихьизабурал макъалаби лъуни лъикI букIинин ккола. Гьел нужеца гIакълучагIилъун тарал КIудияв ГIумаханил, имам Шамилил ва ГIабдурахIман Данияловасул гIумруялдаса кьуниги бегьила.

М. ГIУМАРОВ,
Гъизилюрт шагьар

Рачiа рекъел балагьун церехун ине

Метер инопланетянин нилъер власталде вачIани скафандр ва хIамил цIоко гьечIого хъахIаб рокъоре риччаларин абуни щибдай хисила ?

«Щив парччахI кканиги
гьесий чIвалеб хъат
ЧIахъаги, чIахъаги, чIахъаги абун
Гьес тах тараб мехалъ
хьвагIулел тIилал
ТIагIаги, тIагIаги, тIагIаги абун

хъвана Расул ХIамзатовас.

ПарчахIас тах тезегIанцин сабру гIолеб гьечIо "Миллаталъул" редакторасул, гьанжего хьвагIулеб буго. Ле, бетIер чIахъад, киб ва кида дуда бихьараб биххараб чIунтараб рукъ, цо къоялда жаниб щула гьабун къачIан? Дуца цIакъ республикаялъул бетIерасде балеб буго, амма дол депутатазулги, премьерасулги, министрабазулги цIар бахъулеб гьечIо, щай? Дида ракIалде ккола цохIо гьев президентасда бараб букIарабани, гьес цIа лъун бухIизе яги тIугьдул хьан тIегьазе гьабилаанин Дагъистан. Бихьулеб гьечIищ бетIер чIахъад дуда цохIо республикаялъул бетIерасда бараб дагьаб букIин. Законалда рекъон щиб батаниги, гьеб законалъухъ гIенеккун хIатIулев чи Россиялъул пачалихъалда кир ругел, нилъ гIурал росабалъан байбихьун? Рихьулел гьечIищ дуда гIорцIун - ракъаразул рехъен доб хъахIаб рукъалда. Гьесул бакIалда виччай бокьарав къокъаб заманаялда, законалъул нухдасан кIвезе гьечIо гьениб щибго хисизе ва гьеб хисичIого гьаб хъуй хъаялдаса давла босулел ратила гIемерлъун ва ругьунлъун. ХъахIаб рокъой уборщица хисизе кIвани гьебги букIина бергьенлъи. ГIадамасда гIемер чед кваназабизе кIола, лъим гьекъезабизе кIола ва кинго кIоларо къокъаб заманаялда ботIронибе гIакъло, лъай тIезе. Нилъер чанго гIел гIуна чайил къвачIабазухъ дипломал щварал. Гьел Дагъистан тун ун гьечIо, гьел руго прокуратураялда, МВДялда, больницабазда, ва бищунго квешаб, нилъер мугIрул школазда лъай лъималазе кьолел. Дуцаги, дицаги, цогидазги сабруялда, щулаго ракълил квералги росун, гурун гъуждулгун цадахъ хIалтIичIони хIинкъи буго, редактор, дов дуца маргьа бицунев вукIарав дур вас президент вахъиндал, гьединго цогидаз какизе вукIиналада ва гьевги щиб гьабилеб лъаларогон хутIиялда. Гьел хъахIаб рукъалда прописка бугелщинал рецулев гьечIо, лъица щиб бицаниги, кибе цIацIаниги жакъа-метер гьез прописка хизизе гьечIолъи гьеб мухIканаб буго. Гьел какунин расги хисизе жо гьечIо, багIараб майданалдеги ун щибаб къойил ахIданиги.

ГIумар АСХIАБОВ

«Миллаталъул» редакторасухъе кагъат

ХIурматияв редактор, гьаб кагъат духъе хъвазе дун тIамуна дир гIумруялда данчIварал магIна гьечIел гIадамаца. КIудияб зарал бугел чагIи гьел гуро, амма тату хвезабула, гали бахъанщиналъуб бицунеб гьерсица. Дирги хIукму ккана дуца хъвавухъе, рекIеда унтараб кагъатиде «гьурщизе». БатIаго Лологъонилъа ХIаписатидаса къураб бакI дирги батиларин. Нужер «Миллат» газетаги дида тIоцебе Цумадинский базаралда, гьей ХIаписатил кагъатги цIалун релъулел цо руччабазухъ батана. Гьелдаса нахъе босула дица газета, интересаб газета буго, ГъалбацIовасул Пятилеткацагун коммунизмалъ тату хвезабун букIана, талихIалъ гьеб гьир тIаса ана. Лологъонилъа ХIаписатил малъиялда рекъон хIукму ккана нижедаго бихьа-рагIулелъул бицине.

Исана лъебералда микьго сон тIубана дир, эбелалъ гьаюралдаса. Дир гьудул Зубаржатги йиго цадахъ гIумру гьабулей, бича – хисиялда рукIуна ниж Бакуялдаса къайи босун. Дун медучилищиялде цIализе лъугьине ячIараб мехалда йихьана дида тIоцее Зубаржат, доб мехалда гьей дидаса лъагIелалъ кIудияй йикIана, гьанже лъабго соналъ гьитIинай йигин чIун йиго. ***Дун магIарухъ гIурай гIадан гьаб щайтIан – шагьаралъул макрабазда хадуй гъолей гьечIо. ГIадамазе сонал мех анагIан тIаде щола, Зубаржатил лъагIалида жаниб лъабго тIаса ун буго.*** *Росасе ине хIадурлъулей йиго гьей исанаги, дун ун йикIана цо нухалъ росасе, росинги кинха гьесда абилеб, цо батIияв чи вукIана. Жиндир цо проект бугин вачIунаан къвалакь папкагун, гIемерал «проектал» рукIана, амма гIарац букIинчIо гъаримасул. Бицунеб хабар миллионаздаса гъоркье букIунароан, чвантиниб кидаго гьури букIана. Микьго соналъ цадахъ гьабураб гIумруялъул гьерсалгун гьури – муч гуреб гьев чиясдаса бахараб хайирги ккечIо. Гьевгун ятIалъани хIалхьи букIинин цо къоялъ къайиги босун нахъе йилъана. Дун эбелалъул яцгIалгун Бакуялде араб мехалда данделъана Зубаржатгун. Щугониги сон ун батила гьелдаса, Зубаржат хIадурлъулей йикIана доб мехалъ цо крутой чиясе росасе ине. Лъабго чиясе гьарулей йигила, жинца Нурик тIаса вищанин абуна Зубаржатица. Нурикица щибаб анкьица хисулел рукIана иномаркаби, горбода меседил рахасги букIана гьесда. Бащдаб лъагIел арабго лъана щай Нурикица машинаби хисулел ругелали, цонигияб жиндир букIун гьечIо. Нурик ватана живго бетIергьанаб гурде тIажуги, цохIо гьеб тIогьилаб рахасги гурони гьечIев «олигарх». Гьанжесев женихасда цIар буго Супян, гъозул киназда цIикIкIун гурхIизе кколеяли лъаларого йикIуна дун ялагьун. КIиабилеб лъагIел буго дие кколеб анлъазарго гъурущ кьоларого, щибаб къоялъ дагIба букIуна частный рукъ босизе кколин жених, секция лъикIин невеста къацандулаго. Цонигиязухъ чед босизе гIураб гIарацги гьечIо. Гьоркьо–гьоркьов жених вагъарула Москваялда рукъ босизе кколин, нахъойги Зубаржатица рази гьавула МахIачхъалаялда гIей гьабизе. Дов проектазул кагътазде къуларав дир росги тун нахъе иналъухъ Аллагьас дие гьабураб жаза бугодай, гьев кIочараб халкъалда гъоркье ккезаюнин хIинкъула цо-цо мехалда. Гьел пикрабазда телевизоралъухъ ялагьун йикIаго цо кьарияв чияс бицунеб букIана МакьастIа магIарда нус – нус миллиардалъул лыжабазул курорт базе кколин, тIадехунги гьебго гьава – бакъ бугеб къагIида. Гьелъул пикрабалъ дун йикIаго Супян Зубаржатилгун рукъалъул планалги лъугIизарун, дун йигеб рукъалъул нуцIихъа жаниве ваккана:*

- Саният, одолжи пару бумаг на сигареты и пиво, у меня сушняки после вчерашнего... братуха приедет за все рассчитаемся ...

Зубаржат «Из рук в руки» газеталдаса шагьаралда ругел гьундузул ва агенствабазул номерал хъвалей йикIана.

Саният МУХIАМАДОВА,
МахIачхъала шагьар.

на правах рекламы

хитIаб

ХIурматиял «Миллат» газеталъул цIалдолел!

Редакциялъ хIукму гьабуна иргадулал номеразда, гIадатлъун лъугьараб нилъер «САНАГIАТ гьечIел суалал» рубрикаялъе магIарулазул районазул бутIрузулгун гарачIвариял гьаризе. Гьел рукIине гьечIо хIукуматалъул газетазул форматалда, хIакимзабазе рецц гьабулел хъвайхъвагIаял. Нижеца САНАГIАТ гьечIел суалал кьезе ккани ва хIакъикъат рагьизе бокьун батани, гIахьаллъе гьеб ишалда гьоркьор нужги. Нижеда киналго районазда ругел гIунгутIаби лъачIого хутIизе рес буго. Районазда ругел гIунгутIабазул, гьезул цо-цоязул САНАГIАТ гьечIел ишазул хIакъалъулъ суалал ритIе редакциялде. Гьебго къагIидаялъ суалал ритIизе бегьила магIарулазул политикаазухъе, министразухъе, депутатазухъе, машгьурал чагIазухъе, щиб пишаялъул гьел ругониги. Гара-чIвариял кьезе руго СМСалдалъун ва электронияб къагIидаялъ почтаялде рачIарал суалазул къадар хIисабалде босун. Гьелго суалал лъезе руго нижеца газеталъул микьабилеб гьумералдаги.Гара-чIвариялъе инкар гьабурал нухмалъулезул ва гьезул хIалтIул рахъалъ редакциялъ районазде ун халкъгун дандчIван кьезе руго макъалаби. Гражданияб жамгIиятги ихтиярал цIунулеб пачалихъги хIакимзабаца гьабулеб жо гуро, гьеб бачIуна халкъалъухъа, гьеб гIуцIизе нилъеда кIвани ахир лъола ришватазеги, коррупциялъеги, халкъалда гьикъичIого тIамулеб тIалъиялъеги ва гIемерал цогидал гIунгутIабазеги. Нилъер цоцаздехун бухьен ва цIогьодулев чиновникасе кьолеб битIараб суал букIине буго гражданияб жамгIияталъул кьучIалъе лъураб тIоцебесеб гамачIлъун. Аллагьас тавпикъги ияхIги кьеги нилъер щивасе хIакъаб рагIи абизе ва унтараб нилъер ватIан лъилъизабизе.

Нижехъе суалал ритIе гьаб адресалда:

ул. Шоссе аэропорта, 19 А
з-й этаж
редакция
газеты «Миллат»,
ялъуни электронный адрес:
bisav@mail.ru

тел.: 8-905-476-56-65

Васалам.

бокьани божа, бокьичIони божуге

Югалъулаб полюсалда гьаваялъул гьоркьохъеб температура рагIула – 48 градус, Северияб полюсалда – 29. Гьелъие гIиллалъун ккола Югалъулаб полюсалда ракъдаллъуда тIад чIвараб цIер букIин, Северияб полюсалда абуни лъеда тIад.



Дунялалда тIоцебесеб фотоаппараталъ сурат бахъизе ккани рагъаричIого гьелда церe 8 сагIаталъ чIезе кколаан.

Черхалда дандеккун дунялалда бищунго кIудияб гIадалнах буго цIунцIраялъул

Монакоялъул пачалихъияб оркестр кIудияб буго армиялдаса.



1979 соналъул 18 февралалда Сахара салул авлахъалда гIазу бан буго.

Макьилъ бихьараб жо рекIелъ хутIуларо макьу бихьулаго ворчIани гурони



СШАялъул тIоцевесев президент Джордж Вашингтоница жиндирго ахикь марихуана гIезабулеб букIун буго.

Дунялалда бищунго цIикIкIун дандчIвалеб цIар буго МухIамад.

КигIан гьараниги гьумер хIадур гьабичIо ПатIимат МахIмудовалъ

Лъазаби

ТIоцебесеб октябралда сагIат 10 тIубарабго Гъуниб районалъул **Сугъралъ росдада аскIоб, мемориал "ВатIан"** бугеб бакIалда тIобитIизе буго **Надир-шагь щущахъ виххизавиялдаса 270 сон** тIубаялда хурхун гIелмияб интеллигенциялъул, рухIиял ва политикиял хIаракатчагIазул данделъи.

ГIахьаллъизе бокьарал рачIине бегьула Сугъралъ росулдъе, мемориал "ВатIан бугеб бакIалде.

«Миллат» газета цIализе бегьула интернеталдасан **www.maarulal.ru ; www.millat.ru.**

«Миллат» газеталъе хIажат руго лъикIго авар мацI лъалел ва компьютералда хIалтIун бажарулел **корреспондентги** газета биччалев **редакторги**. Харж кьезе буго контракталда рекъон. Т.: **8 905 476 56 65.**

нилъер росаби



Унсоколо росу

МИЛЛАТ «МИЛЛАТАЛДА» КIАЛЪАЛЕБ БУГО

Аваразул Тимуршагь Айтберов квешав вукIун вуго Надиршагь Афшаридасаги.

(ГIандалав)

МакьастIа мехтун хвахал хIулизегIан хъещтIолел гIурусазул хIакъалъулъ хъвазе Дациевги вугоха нилъер, Адаллоца абила гIурусаз гIурусазулаб гьабулеб бугилан.

8928 … .. 91

Хрущевас ООНалъул трибуна хьитица бухана, Айтберовас аваразул тарих тумазул гъурщаз чухIана, тарих такрарлъулеб букIун буго.

аварав

ХIорил рагIалда рукIун лъехъ къечарал росаби руго Рихьуни ва Шамилхъала. Президент ва хIукумат, нуж рукIин лъазе лъимгIаги чIезабе нижее.

8989 … .. 78

«Миллат» ахираб заманалда дагьаб чIамучIлъулеб буго, цо ХIапшибе ва Хунзахъе хабар щиб бугебали щай раккуларел? Поэтаз цIакъ хIухьел ккунагури…

Цеве поэтлъун хIалтIулев вукIарав чи

Вагьабиязе хIукумат бокьуларо, хIукуматалъе вагьабиял рокьуларо, халкъалъе гьезул цонигиял рокьуларо.

МагIарулав

Р. ГIабдулатIиповасе МухIамадсалам гIадин дун Аллагьасе хиралъани, лъагIалие цо как бани гIелаан.

Хьиндалав

С.ГIумахановас аварал хъулухъалдаса рахъиялъул дандерижи букIинин абуна, гьесул гьаркьидехун дандерижини киб, хабзалалъ гIадаб сихIкъотIи лъугьана.

8928 … .. 10

Т. 8-905-476-56-65

МАГIАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА
Миллат

Учредитель:
Журналистский коллектив редакции

Главный редактор:
Магомед Бисавалиев

тел: 8-905-476-56-65

Редколлегия:
Зульфия Гаджиева
Газимагомед Галбацов
Патимат Гитинова
Закир Магомедов
Патимат Махмудова
Гамзат Дарбишгаджиев

Редакционный совет:
Умахан Великий
Имам Шамиль
Абдурахман Даниялов

Адрес: ул. Шоссе аэропорта (Каммаева) 19а. тел: 69-60-03
E-mail: millat@gmail.com

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 5-0105 июль 2011 г.

Газета отпечатана в ООО «Лотос», ул. Пушкина, 6.
Заказ № _____ Тираж 3000 экз.